

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI (KAD)

Jedi 1 Jen 2023 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonce pou w ekri repons pou Pati II, III A ak III B.

Pati I an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen de (2) kesyon redaksyon-kout. Ekri repons ou yo pou kesyon sa yo nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 3.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon (1) kesyon. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan ti liv egzamen sa a sou liy ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.

. . . Ti zile ki pa kapab pwoteje tèt yo, se objè ki apwopriye pou wayòm yo pran anba swen yo; men gen yon bagay ki trè absid, nan sipoze yon kontinan ap kontinyèlman dirije pa yon zile. Pa gen okenn egzanp kote lanati te fè satelit la pi gwo pase planèt prensipal li a, epi kòm Angletè ak Amerik, youn parapò ak lòt, ranvèse lòd komen lanati a, li evidan yo apatni ak sistèm ki diferan yo: Angletè pou Ewòp, Amerik pou tèt li. . . .

Sous: Thomas Paine, *Common Sense*, 1776

- | | |
|--|---|
| 1 Dapre pasaj sa a ki soti nan <i>Common Sense</i> , otè a ap | 2 Ki agiman prensipal ke Thomas Paine te itilize nan pasaj sa a pou fè pwen li a? |
| (1) eseye konvenk Ameriken yo pou yo rete kolon Anglè | (1) Pa gen okenn relasyon ekonomik ant koloni Ameriken yo ak Angletè. |
| (2) sijere ke koloni yo rantre nan yon konfederasyon Ewopeyen kont Angletè | (2) Angletè pa ka gouvène koloni yo efikasman paske Amerik sitèlman pi gwo. |
| (3) pwopoze ke koloni yo revize Atik Konfederasyon yo | (3) Koloni Ameriken yo deja alye ak Lafrans epi yo pa bezwen Angletè. |
| (4) mande Ameriken yo pou yo vin endepandan de manman patri yo a | (4) Angletè te refize kolon yo nenpòt fòm gouvènman endepandan. |
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 3 ak 4.

. . . Politik bay, pa enterè opoze ak rival, pa mank pi bon motif, ta ka trase nan tout sistèm zafè imen an, prive kòm piblik. Nou wè li patikilyèman parèt nan tout distribisyon pouvwa ki sibòdone [pi piti] yo, kote bi konstan an se pou divize epi òganize diferan biwo yo nan yon fason kòm ke chak kapab yon chèk sou lòt la—pou ke enterè prive chak moun ka yon santinèl [gad] sou dwa piblik yo. Envansyon pridans sa yo pa ka mwens nesèsè [esansyèl] nan distribisyon pouvwa siprèm Eta a yo. . . .

Sous: James Madison, *Federalist No. 51*, 1788

3 Ki sa ki te rezon prensipal James Madison te ekri sa a ak lòt *Papye Federalis yo*?

- (1) pou sipòte ratifikasyon Konstitisyon an
- (2) pou sipòte kreyasyon yon bank nasyonal
- (3) pou ankouraje lyen ki ap ogmante ak Ewòp
- (4) pou ankouraje devlopman pati politik yo

4 Ki prensip konstitisyonèl Madison plis dekri dirèkteman nan pasaj sa a?

- (1) rezève pouvwa revizyon jidisyè a
- (2) separasyon pouvwa yo ant branch gouvènman yo
- (3) sipò pou règ lalwa a
- (4) kreyasyon yon militè pisan

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

. . . Lè Britanik ansanm ak Fransè yo te sezi bato Ameriken yo si youn te touche nan pò lòt la, Jefferson te deside teste youn nan doktrin li pi renmen yo—ke lagè te alafwa entolerab ak inital, epi ke pi bon zam lan kont toude pouvwa yo chita nan sanksyon ekonomik yo. Li te fè Kongrè a adopte yon seri senk (5) Lwa Anbago, ki te sevèman entèdi komès Etazini ak Bretay ak Lafrans pa sèlman lòt bò dlo, men menm toutolon fwontyè Kanadyen an. . . .

Sous: Max Lerner, *Wounded Titans: American Presidents and the Perils of Power*, Arcade Publishing, 1996

5 Dapre pasaj sa a, kisa ki te prensipal objektif Prezidan Thomas Jefferson nan pwopozè Lwa sou Anbago yo?

- (1) pou ogmante revni
- (2) pou limite komès esklav la
- (3) pou evite lagè
- (4) pou ogmante komès

6 Ki sa ki te yon (1) rezilta echèk Lwa sou Anbago yo?

- (1) Acha Louisiana
- (2) Lagè 1812
- (3) Konpwomi Missouri
- (4) Desizyon *Gibbons v. Ogden*

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

. . . Moun ki t ap viv nan Eta nan Sid yo te sanble pè ke si yon Administrasyon Repibliken te aksede [monte sou pouvwa] sa t ap mete pwopriyete yo ak sekirite pèsone l yo an danje. Pa t janm te gen okenn rezon valab pou laperèz sa a. An reyalyte, pi gwo prèv ki demanti kwayans sa a te toujou egziste e disponib pou yo analize. Ou ka jwenn li nan prèske tout diskou yo pibliye de moun ki kounye a ap adrese li a ou. Mwen jis ap site youn nan diskou sa yo lè mwen deklare ke—

Mwen pa gen okenn entansyon pou mwen entèfere, dirèkteman oswa endirèkteman, ak enstitisyon esklavaj la nan Eta kote li egziste yo. Mwen pa kwè mwen gen okenn dwa legal pou fè sa, ni mwen pa gen okenn anvi pou fè sa nonplis. . . .

Sous: First Inaugural Address of Abraham Lincoln, March 4, 1861

7 Ki youn (1) nan rezon ki fè Prezidan Abraham Lincoln te enkli deklarasyon sa yo nan diskou sa a?

- (1) pou diminye laperèz nan eta ki te gen esklav yo
- (2) pou retabli komès entènasyonal esklav la
- (3) pou ogmante sipò abolisyonis nan nò yo
- (4) pou ankouraje ekspansyon esklavaj nan pati Lwès la

8 Ki aksyon Prezidan Lincoln te poze annapre ki demontre yon chanjman nan pozisyon li te genyen an 1861?

- (1) siyen Lwa Pacific Railway la
- (2) nonmen William Seward Sekretè Deta
- (3) pibliye Pwoklamasyon Emansipasyon an
- (4) sispann habeas corpus

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

. . . Konsa devlopman Ameriken an pa te senpleman montre yon avansman toutolon yon sèl liy, men yon retou nan kondisyon primitif yo sou yon liy fwontyè ki kontinyèlman ap avanse, ak yon nouvo devlopman pou zòn sa a. Devlopman sosyal Ameriken an te kontinyèlman ap rekòmanse sou fwontyè a. Renesans pèpetyèl sa a, fliyidite lavi Ameriken sa a, ekspansyon nan lwès sa a ak nouvo opòtinite li yo, touch kontini li ak senplisite sosyete primitif la, founi fòs yo ki ap domine karaktè Ameriken an. . . .

Sous: Frederick Jackson Turner, "The Significance of the Frontier in American History," 1893

9 Ki karakteristik jewografik Frederick Jackson Turner sijere kòm prensipal nan kreyasyon karaktè Ameriken an?

- (1) yon litoral iregilye
- (2) Gran Lak yo
- (3) tè sovaj ki pa abite
- (4) Mohawk Valley a

10 Ki aksyon federal ki pi konsistan avèk ide Frederick Jackson Turner eksprime yo nan pasaj sa a?

- (1) adopsyon Lwa sou Rezèv Federal la
- (2) etablisman Biwo Moun Lib la
- (3) desizyon nan *Plessy v. Ferguson*
- (4) adopsyon Lwa Omstèd la

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.

. . . Monopòl prive yo endefandab ak entolerab. Yo detwi konpetisyon, kontwole pri tout materyèl, ak pwodwi final la, konsa yo vòlè ni pwodiktè a ni konsomatè. Yo diminye travay mendèv la, epi abitrèman ranje tèm ak kondisyon li yo; epi yo retire opòtinite pou enèji endividyèl ak ti kapital yo amelyore. . . .

Sous: Democratic Party Platform of 1900

- | | |
|--|---|
| 11 Otè pasaj la yo tap pi kritik sou aktivite kilès de (2) moun yo?
(1) Jacob Riis ak Ida Tarbell
(2) John D. Rockefeller ak Andrew Carnegie
(3) William Jennings Bryan ak Eugene V. Debs
(4) Margaret Sanger ak Jane Addams | 12 Pandan fen 19yèm syèk ak kòmansman 20yèm syèk yo, kijan Kongrè a te eseye adrese pratik sa yo?
(1) Yo te otorize yon kontwòl federal gwo endistri yo.
(2) Yo te deklare ke tout echanj te komès ant eta yo.
(3) Yo te aplike yon salè minimòm.
(4) Yo te adopte lejislasyon kont monopòl yo. |
|--|---|
-

Sèvi ak tit jounal ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.

\$50,000 REKONPANS-KIMOUN KI TE DETWI MAINE LAN?-\$50,000 REKONPANS

EDISYON POU GREATER NEW YORK



JOURNAL NEW YORK

AK KONSEYE

NEW YORK, JEDI 17 FEVRIYE 1898



DESTRIKSYON BATO GÈ MAINE NAN SE TRAVAY YON ÈNMI

\$50,000!

\$50,000
REKONPANS!

Pou moun ki fè atanta
nan Maine nan!

The New York Journal... \$50,000... PENETRATOR OF THIS OUTRAGE WHO ACCOMPLICES... E. S. BELLEF.

Asistan Sekretè Roosevelt
Konvenki Eksplozyon
Bato Lagè Maine lan Pat
yon Aksidan.

Jounal la ofri \$50,000
rekonpans pou kondanasyon
kriminèl ki voye 258 sòlda
ameriken nan peyi san chapo.
Tout ofisye naval yo fè konnen
ke destriksyon bato a fèt nan
yon objektif.

\$50,000!

\$50,000
REKONPANS!

Pou moun ki fè atanta
nan Maine nan!

The New York Journal... \$50,000... PENETRATOR OF THIS OUTRAGE WHO ACCOMPLICES... E. S. BELLEF.

Sous: *New York Journal*, February 17, 1898 (adapte)

- | | |
|--|--|
| <p>13 Yon istoryen ta gen plis chans itilize dokiman sa a pou envestige evènman yo ki mennen nan</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) aneksyon Alaska (2) lagè ak Espay (3) politik Pòt Louvri (4) envazyon Meksik | <p>14 Ki jan politik etranjè Etazini te chanje nan ane yo ki vini imedyatman apre evènman sa a?</p> <ol style="list-style-type: none"> (1) Etazini te antre nan yon peryòd ekspansyon lòt bò dlo. (2) Etazini te pouswiv yon politik kont ekspansyon. (3) Etazini te vin pi izole. (4) Etazini te rejte objektif Destine Manifestè la. |
|--|--|

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Modèl Migrasyon Afriken Ameriken soti nan Sid la, 1910–1970



Sous: Michael Siegel, Rutgers Cartography, 2005 (adapte)

15 Ki sa ki te yon rezon prensipal pou mouvman moun yo jan sa montre sou kat jewografik sa a?

- (1) Enpòtasyon manje etranje yo te ranplase pwodiksyon rekòlt domestik yo.
- (2) Eta nò yo te entèdi tout fòm diskriminasyon rasyal.
- (3) Abolisyonis yo te pwomèt yon mwayen pou chape anba esklavaj.
- (4) Endistriyalizasyon te bay plis opòtinite pou travay.

16 Ki sa ki te yon (1) rezilta migrasyon an ki montre sou kat jewografik la?

- (1) Sid la te vin nouvo destinasyon an pou pifò imigran Ewopeyen yo.
- (2) Pati Demokrat la te diminye nan mwatye nò peyi a.
- (3) Kilti Ameriken an te anrichi pa nouvo fòm mizik ak literati yo.
- (4) Kominote segrege nan tout nasyon an te vin sispann.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

. . . Mwen panse ke tout moun rekonèt ke nan tan lagè sitwayen an dwe remèt kèk dwa pou byen komen an ke li gen dwa pou jwi nan tan lapè. *Men, mesye, dwa pou kontwole pwòp gouvènman yo a dapre fòm konstitisyonèl yo pa youn (1) nan dwa ke yo mande sitwayen nan peyi sa a sede nan tan lagè. . . .*

Plis pase tout bagay, sitwayen an ak reprezantan li nan Kongrè nan tan lagè dwe kenbe dwa libète lapawòl li a. Plis pase nan tan lapè li nesesè ke kanal yo pou diskisyon piblik lib sou politik gouvènmantal yo dwe ouvè ak debloke. . . .

Sous: Senator Robert M. La Follette, "Free Speech in Wartime," October 6, 1917

17 Dapre pasaj la, ki sa ki se yon (1) agiman ki sipòte libète lapawòl pandan tan lagè?

- (1) Sitwayen yo dwe kenbe dwa yo pou yo kontwole gouvènman an menm nan tan lagè yo.
- (2) Sitwayen yo dwe sipòte desizyon ofisyèl eli yo.
- (3) Lidè militè yo oblije respekte sèman konstitisyonèl pou defann dwa pèp la.
- (4) Kongrè a gen otorite pou adopte lwa ki limite dwa premye amannman yo.

18 Ki desizyon Lakou Siprèm adrese pwoblèm Senatè La Follette te soulve nan diskou sa a?

- (1) *Wabash, St. Louis & Pacific R.R. v. Illinois*
- (2) *Plessy v. Ferguson*
- (3) *Northern Securities Co. v. United States*
- (4) *Schenck v. United States*

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 la.

YON EKONOMIS AVIZE POZE YON KESYON



Sous: John T. McCutcheon, *Chicago Tribune*, 1931 (adapte)

19 Poukisa Prezidan Herbert Hoover ak Pati Repibliken an pa t kapab rezoud pwoblèm ki adrese nan desen sa a?

- (1) Yo te kwè nan entèvansyon limite gouvènman federal nan aktivite ekonomik.
- (2) Yo te konnen pwoblèm lan te egziste sèlman nan zòn riral Etazini yo.
- (3) Yo te panse ke enfliyans etranjè yo te kòz prensipal kriz bank lan.
- (4) Yo te kwè gouvènman federal la dwe repèye moun ki te pèdi lajan yo akòz espekilasyon stock avan.

Sèvi ak desen ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 an.

AP ESEYE CHANJE ABITRAJ LA



Sous: Ray O. Evans, *Columbus Dispatch*, February 10, 1937 (adapte)

20 Ki sa ki te rezon pou reyaksyon Prezidan Franklin D. Roosevelt la sou Lakou Siprèm lan jan yo montre nan desen sa a?

- (1) Kongrè a pat reyisi adopte okenn lejislasyon Nouvo Kontra.
- (2) Plizyè pwogram Nouvo Kontra te anile.
- (3) Chanm Reprezantan yo te vote pou akize Prezidan Roosevelt.
- (4) Yo te retire plizyè jij Lakou Siprèm nan pòs yo.

Sèvi ak afich ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

**ADMINISTRASYON KÒMAND DEFANS OKSIDANTAL
AK KONTWÒL SIVIL KATRIYÈM LAME NAN TAN LAGÈ**
Presidio San Francisco, California
1ye Avril, 1942

**ENSTRIKSYON POU TOUT
MOUN KI GEN ZANSÈT
JAPONÈ
YO**

K ap Viv nan Zòn Sa a:

Tout pòsyon Vil ak Konte San Francisco, Eta California, ki tabli jeneralman nan lwès liy nò-sid ki etabli pa Junipero Serra Boulevard, Worchester Avenue, ak Nineteenth Avenue, epi ki etabli anjeneral nan nò liy lès-lwès ki etabli pa California Street, nan entèksyon Market Street, epi de la sou Market Street pou ale San Francisco Bay.

Tout moun Japonè, ni sa ki etranje ni sa ki pa etranje, pral evakye soti nan zòn ki deziyen pi wo a disi 12:00 presiz midi Madi 7 Avril 1942.

Pa gen okenn moun Japonè yo pral pèmèt antre oswa kite zòn ki dekri anwo a apre 8:00 a.m., Jedi 2 Avril 1942, san yo pa jwenn pèmisyon espesyal nan men Prevo Marshal nan Estasyon Kontwòl Sivil ki sitiye nan:

1701 Van Ness Avenue
San Francisco, California

J. L. DeWITT
Lyetnan Jeneral, Lame Etazini
Kòmandan

GADE LÒD ESKLIZYON SIVIL NO. 5

Sous: Oakland Museum of California (adapte)

21 Ki sitiyasyon ki te mennen Administrasyon Kòmand Defans Oksidantal la ak Kontwòl Sivil Katriyèm Lame nan Tan Lagè a pou bay lòd sa a?

- (1) atak Japonè a sou Pearl Harbor
- (2) mank lojman apwopriye sou Kòt Lwès la
- (3) zak espionaj toupatou pa Japonè Ameriken yo
- (4) efò yo pou depòte Japonè Ameriken yo

22 Ki ka Lakou Siprèm te konfime konstitisyonalitye lòd sa a?

- (1) *Mapp v. Ohio*
- (2) *Korematsu v. United States*
- (3) *Gideon v. Wainwright*
- (4) *Miranda v. Arizona*

Sèvi ak desen ki anba la ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.



Sous: Edwin Marcus, ca. 1947, Library of Congress (adapte)

Èske Li Ka
Bloke li?

- 23 Ki sa ki te yon bi prensipal Plan Marshall la?
- (1) pou devlope pi bon relasyon avèk Inyon Soyetik la
 - (2) pou elaji teritwa Etazini
 - (3) pou sipòte revolisyon nan Mwayen Oryan an
 - (4) pou kontni pwopagasyon kominis la

- 24 Repons Soyetik la ak Plan Marshall la te kontribiye nan
- (1) yon bès nan komès Etazini-Ewopeyen an
 - (2) ogmantasyon èd pou nasyon Afriken yo
 - (3) Lagè Fwad la
 - (4) fen Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) a

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

SEKSYON 1. Rezolisyon konjwen sa a ka site kòm “Rezolisyon sou Pouvwa Lagè yo”.

OBJEKTIF AK POLITIK

SEK. 2. (a) Se objektif rezolisyon konjwen sa a pou akonpli entansyon ankadrè Konstitisyon Etazini an yo epi asire ke jijman kolektif ni Kongrè a ak Prezidan an pral aplike ak entwodiksyon Fòs Lame Etazini yo nan ostilite yo, oswa nan sitiyaasyon kote patisipasyon iminan nan ostilite yo klèman endike pa sikonstans yo, ak itilizasyon kontini fòs sa yo nan ostilite oswa nan sitiyaasyon sa yo. . . .

(c) Pouvwa konstitisyonèl Prezidan an kòm Kòmandan-an-Chèf pou entwodwi Fòs Lame Etazini yo nan ostilite yo, oswa nan sitiyaasyon kote patisipasyon iminan nan ostilite yo klèman endike pa sikonstans yo, egzèsè sèlman dapre (1) yon deklarasyon lagè, (2) otorizasyon legal espesifik, oswa (3) yon ijans nasyonal ki te kreye pa atak kont Etazini, teritwa oswa posesyon li yo, oswa fòs lame li yo. . . .

Sous: War Powers Resolution, 1973

- | | |
|---|---|
| 25 Objektif lwa sa a se te pou | 26 Ki evènman ki te mennen pi dirèkteman nan adopsyon lwa sa a? |
| (1) limite pouvwa prezidan an pou enplike Etazini nan lagè ki pwolonje yo | (1) Vizit Prezidan Nixon nan Lachin |
| (2) elaji pouvwa prezidan an kòm kòmandan an chèf | (2) Repons Prezidan Kennedy ak kriz misil Kiben an |
| (3) pèmèt prezidan an deklare lagè sou peyi etranje yo | (3) patisipasyon nan Lagè Vyetnam lan |
| (4) anpeche prezidan an siyen yon trete san konsantman Kongrè a | (4) enpozisyon anbago petwòl Arab la |

Sèvi ak foto ki anba la a yo ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Prezidan Lyndon B. Johnson siyen Lwa sou Dwa Vòt yo pandan Martin Luther King Jr. ak lòt lidè dwa sivil yo ap gade Kapitòl Etazini an.



Sous: LBJ Presidential Library, August 6, 1965 (adapte)

- 27 Ki wòl prezidansyèl ki ap demontre nan foto a?
- (1) kòmandan an chèf fòs lame yo
 - (2) ap akòde repi ak gras pou ofans federal yo
 - (3) pouvwa pou fè trete ak nasyon etranje yo
 - (4) chèf egzekitif ki ap apwouve pwojè lwa kongrè yo

- 28 Ki sa ki te yon (1) fason Lwa sou Dwa Vòt la te agrandi dwa sivil Afriken Ameriken yo?
- (1) Li te sispann pratik meteyaj la.
 - (2) Li te mete fen a diskriminasyon nan etablisman piblik yo.
 - (3) Li te entèdi itilizasyon tès alfabetizasyon yo.
 - (4) Li te fòse entegrasyon lekòl piblik yo.

Repons pou Kesyon Redaksyon-Kout yo (29 ak 30) ak kesyon Redaksyon sou Konesans Sivik (37) dwe ekri nan ti liv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON-KOUT YO (KRK)

Kesyon Redaksyon-Kout sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon Redaksyon-Kout gen de (2) dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa yo menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Idantifye vle di “bay yon non ak oswa nome.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Kalite Relasyon yo:

Kòz refere ak “yon bagay ki kontribye nan aparasyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.”

Efè refere ak “sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.”

Resanblans di “fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.”

Diferans di “fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.”

Pwen Detèminan se “yon gwo evènman, ide, oswa devlopman istorik, ki mennen chanjman siyifikatif. Li kapab lokal, rejyonal, nasyonal, oswa jeneral.”

Enstriksyon KRK Seri 1 (Kesyon 29): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

. . . Tap gen vyann ki te woule tonbe sou planche a, nan tè ak pousyè bwa a, kote travayè yo te pilonnen ak krache san konte plizyè milya jèm konsomasyon [tibèkiloz]. Tap gen vyann ki estoke nan gwo pil nan chanm; epi dlo ki soti nan twati kay ki koule tap degoute sou li, epi plizyè milye rat tap fè kous sou li. Li te fè twò nwa nan kote depo sa yo pou wè byen, men yon mesye te kapab pase men l sou pil vyann sa yo epi bale plizyè ponyen fimye sèch rat yo. Rat sa yo te nwizans, epi anbalè yo te mete pen anpwazonnen deyò pou yo; yo te mouri, epi apre sa a, rat yo, pen, ak vyann te antre nan tremi yo ansanm. Sa a se pa yon kont defè ni li pa yon blag; yo te pelte vyann lan nan kabwèt yo, epi mesye ki t ap pelte a pa t ap gen okenn pwoblèm pou retire yon rat menm lè li te wè youn—konpare ak bagay ki te antre nan sosis lan yon rat anpwazonnen pat anyen. Pat gen okenn kote pou mesye yo lave men yo anvan yo manje dine yo a, e kidonk yo te pran abitid lave men yo nan dlo yo ta pral mete nan sosis lan. Te gen rès bout vyann fimen yo, ak rès vyann bèf sale, ak tout diferan dechè plant yo, ki te jete nan ansyen barik nan kav epi te rete la. Anba sistèm ekonomi rijid ke anbalè yo te ranfòse a, te gen kèk djòb ke li te peye sèlman pou fè yon fwa nan yon tan ki long, epi pami sa yo se te netwayaj barik yo. Yo te fè li chak prentan; epi nan barik yo te gen tè ak wouy ak vye klou ak dlo sal —epi chay kabwèt apre chay kabwèt yo te monte epi yo te jete yo nan tremi yo ansanm ak vyann fre, epi voye yo bay manje maten piblik la. Yo te fè kèk nan yo tounen sosis “fimen”—men kòm fimen an te pran tan, epi poutèt sa li te chè, yo te rele depatman chimy yo, epi prezève li ak boraks epi kolore li ak jelatin pou fè li mawon. Tout sosis yo te soti nan menm bòl la, men lè pou yo te vini pou vlope li, yo te ekri sou kèk ladan “espesyal,” epi pou sa yo te chaje de (2) santim an plis pou yon liv. . . .

Sous: Upton Sinclair, *The Jungle*, February 1906

Dokiman 2

Sekretè [Agrikilti a] dwe lakòz yo fè, pa ekspè nan sanitasyon oswa lòt enspektè konpetan, enspeksyon konsa sou tout etablisman labatwa, konsèvasyon vyann, saleyaj, anbalaj, distribisyon oswa etablisman ki sanble yo kote yo touye espès eksplwatab yo epi prepare vyann ak pwodwi manje ki soti nan vyann yo pou komès jan li gendwa nesèsè pou enfòmè tèt li konsènan kondisyon sanitè menm bagay sa, epi pou preskri règ ak règleman sanitasyon anba ki etablisman konsa yo dwe mentni; epi kote kondisyon sanitè nan nenpòt etablisman konsa nan yon eta konsa ki rann vyann lan oswa pwodwi manje yo ki soti nan vyann lan gate [kontamine], li dwe refize pèmèt vyann sa akoswa pwodwi manje ki soti nan vyann yo dwe make, sele, oswa gen etikèt ki make “enspekte epi pase.”

Sous: Meat Inspection Act, June 30, 1906, as amended in 1967 and 2005

KRK Seri 1 (Kesyon 29)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman sa yo
- Idantifye epi eksplike **relasyon** ki genyen ant evènman yo ak/oswa lide yo jwenn nan dokiman sa yo (Kòz ak Efè, **oswa** Resanblans/Diferans, **oswa** Pwen Detèminan)

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalite ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Paj sa a rete vid toutespre.

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Li ak analize dokiman sa yo, pandan w ap aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Nan devlope repons redaksyon-kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf, asire w ke ou kenbe eksplikasyon sa yo nan tèt ou:

Dekri vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la.”

Kontèks Istorik refere a “sikonstans istorik enpòtan yo ki antoure oswa konekte evènman yo, lide yo, oswa devlopman yo nan dokiman sa yo.”

Analize vle di “egzaminen yon dokiman epi detèmine eleman ak relasyon li yo.”

Eksplike vle di “pou senplifye oswa fè li fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon.”

Fyabilite detèmine pa presizyon ak itilite enfòmasyon yo jwenn nan yon sous pou yon objektif espesifik.

Enstriksyon KRK Seri 2 (Kesyon 30): Li ak analize dokiman ki swiv yo avan ou ekri redaksyon kout ou nan ti liv redaksyon apa a.

Dokiman 1

“Masak Sanglan ki te fèt nan King Street Boston nan dat 5 mas 1770 pa youn nan Pati Politik 29yèm Rejiman an.”



Sous: Engraved and printed by Paul Revere,
Library of Congress, Prints and Photographs Division

Dokiman 2

Sa ki anba la a se yon ekstrè temwayaj Kapitèn Thomas Preston nan jijman sòlda Britanik yo ki te enplike nan Masak Boston an, 1770.

. . . Sou wout pou mwen ale lòt bo a, mwen te wè pèp la te ajite, epi mwen te tandè yo t ap lanse menas ki pi mechan ak terib kont twoup yo. De twa minit apre mwen rive jwenn gad la, anviwon 100 moun te depase l, epi ale nan biwo ladwàn nan kote lajan wa a sere.

Yo te imedyatman antoure solda ki t ap fè gad la a, epi yo te menase pou yo sèvi avèk baton ak lòt zam pou tire revanj yo sou li. Yon ti tan apre yon moun ki t ap viv nan vil la te fè m konnen yo te gen entansyon retire sòlda a nan pòs li a epi pwobableman touye l: mwen te mande l pou li ale chèche plis enfòmasyon sou sa. Lè li te tounen li te asire m li tandè foul la deklare yo t ap pral touye l. Mwen te pè yo t ap pral fè sa avan yo piye kès wa a. . . .

Lè mwen te mande sòlda yo poukisa yo te tire san yo pa t resweva lòd pou fè sa, yo di yo te tandè mo tire a, e yo te panse se mwen ki te di sa. Sa te ka rive vre paske anpil moun nan foul la t ap rele tire, tire, men mwen te asire mesye yo ke mwen pa t bay lòd sa a; okontrè mwen te di yo pa tire, sispann tire. An rezime li pa t posib pou sòlda yo konnen ki moun ki te di tire, oswa pa tire, oswa sispann tire.

Lè pèp la te reyini ankò pou yo pran kadav yo, sòlda yo te kwè yo t ap vin atake yo, yo t ap pare pou yo tire ankò, men mwen mete men m sou fizi yo pou anpeche yo tire. . . .

Sous: Transcript of British Captain Thomas Preston's testimony, from "The Boston Massacre, The British View, 1770," EyeWitness to History, 2009

KRK Seri 2 (Kesyon 30)

Sa pou fè: Baze sou lekti ak analiz ou de dokiman sa yo, aplike konesans ak konpetans ou yo nan syans sosyal pou ekri yon redaksyon kout ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf kote ou:

- Dekri kontèks istorik ki antoure dokiman 1 ak 2
- Analize **Dokiman 1** epi eksplike kòman *odyans*, **oswa bi**, **oswa patipri**, **oswa pwen de vi** afekte itilizasyon dokiman sa a kòm yon sous fyab pou prèv

Gid:

Nan redaksyon kout ou a, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte travay la avèk reyalyte ak egzanp ki enpòtan

Ou *pa* oblije enkli yon entwodiksyon oswa yon konklizyon apa nan redaksyon kout ou a ki gen de (2) oswa twa (3) paragraf.

Pati III

REDAKSYON KONESANS SIVIK (Kesyon 31–37)

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Kontèks Istorik: Ekspansyon Demokrasi—Sifraj Pou Fanm

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken yo te debat anpil pwoblèm konstitisyonèl ak sivik. Deba sa yo te abouti nan efò endividyèl, gwoup, ak gouvènman pou adrese pwoblèm sa yo. Efò sa yo te jwenn divès degre siksè. Youn (1) nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *sifraj pou fanm*.

Sa pou fè: Li ak analize dokiman yo ki nan Pati A. Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou reponn kesyon ki swiv yo chak dokiman nan Pati A. Repons ou yo pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a kote y ap mande w

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè bagay la”
- (b) **eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- (c) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Redaksyon Sou Konesans Sivik
Pati A
Kesyon ak Repons Kout (31–36)

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Nan ane anvan Lagè Sivil la, fanm Ameriken yo te kòmanse yon kanpay pou vòt la ki te dire prèske swasant ken (75) ane. Batay yo a te finalman fini nan ane 1920 lè yo te adopte Diznevnyèm Amanman an ki entèdi refi dwa pou vote “sou baz sèks.” Inisyalman, sifraj te youn (1) nan plizyè refòm ki te prevwa pou mete fen nan gwo diskriminasyon legal, politik, relijye ak kiltirèl yo kont fanm diznevnyèm syèk yo. Nan ane 1840 yo ak ane 1850 yo, aktivis yo te vize enjistis yo soti nan lwa sou gad timoun ki te favorize papa yo rive nan entèdiksyon kont fanm pou pale an piblik, refi edikasyon egal, ak egzistans yon estanda sèks doub. Nan langaj ak vokabilè ki familye ak yon jenerasyon ki gen paran yo ki te viv pandan Revolisyon Ameriken an epi ki te sonje Deklarasyon Endepandans lan, fanm yo nan konvansyon 1848 Seneca Falls la te deside, pami lòt enjistis, ke “tout lwa ki . . . mete li nan yon pozisyon ki enferyè ak pa yon gason kontrè ak gran lwa lanati a epi poutèt sa yo pa gen okenn fòs oswa otorite.”

Yon tranzaksyon nesèsè nan nenpòt demokrasi ant moun yo ak sa yo ke yo delege otorite, sifraj parèt nan ane 1860 yo kòm alafwa yon senbòl pisan nan egalite ak gason ansanm ak yon enstriman refòm. Vòt te vin itilite politik esansyèl ke gras a li fanm yo te kapab reyalize lòt amelyorasyon nan estati yo. Si fanm yo te kapab vote, agiman premye jenerasyon sifrajis yo te di, yo tap elimine baryè nan nivo eta a ki anpeche fanm marye yo kontwole salè yo ak ale nan inivèsite eta yo. Si fanm yo te kapab vote, etan done pozisyon yo ke yo rekonèt kòm gadyen moral kay yo, yo t ap refòme pratik koripsyon yo nan politik Ameriken an. Si fanm yo te kapab vote, yo tap mete fen ak peman inegal. . . .

Sous: Jean H. Baker, ed., *Introduction to Votes For Women: The Struggle for Suffrage Revisited*, Oxford University Press, 2002

31 Dapre Jean H. Baker, ki sa ki te **yon (1)** sikonstans istorik ki te mennen fanm yo chèche dwa pou yo vote a? [1]

Score

Dokiman 2a

Lucy Haessler te aprann sou mouvman sifrajèt la pandan li t ap asiste reyinyon yo avèk manman l nan Washington, DC, nan kòmansman ane 1900 yo.

. . . Sifrajèt yo te gen yon gwo syèj sosyal nan sant vil Washington, prèske anfas bilding Lakou Siprèm lan. Manman m te konn menem anlè a lè Samdi lè li te fè volontè pou ede voye lèt pa lapòs yo. Mwen sonje m te konn ede pliye lèt, niche anvlòp, fè tout kalite bagay. Kolòn lopital mouvman sifraj la te konpoze ak fanm klas mwayèn, rich ni Repibliken yo ak Demokrat yo. Pat gen anpil fanm nan klas ouvriyè a nan mouvman an. Pifò nan yo te twò okipe ap travay pou patisipe. Sifrajèt yo te òganize pikèt grèv avèk pankat, mach ak rasanbleman. Li pat anyen ki konparab ak vyolans ke fanm Britanik yo tap fè fas atravè batay yo a pou sifraj. Yo t ap arete, bat ak mete fanm sa yo nan prizon. Pa gen anyen konsa ki te rive isit la, men te gen anpil ajitasyon. . . .

Sous: Peter Jennings and Todd Brewster, *The Century*, Doubleday, 1998

Dokiman 2b

Premye Liy Pikèt Grèv la: Jounen Inivèsite nan liy manifestasyon avèk pankat lan, Fevriye 1917



Sous: Library of Congress (adapte)

32 Baze sou dokiman sa yo, ki sa ki te **yon (1)** efò ki te fèt pa sifrajèt yo pou jwenn sipò pou sifraj pou fanm? [1]

Score

Dokiman 3a

Anpil gason te montre enterè nan agiman anti-sifrajis yo.



Sous: Library of Congress, ca. 1911

Ale nan Dokiman 3b ⇨

Dokiman 3b

Depi kòmansman mouvman sifraj pou fanm lan atravè ratifikasyon Diznevèyèm Amannman an 1920, te gen fanm ak gason ki te opoze vigourezman ak li. Moun ak gwoup anti-sifraj yo te anpeche emansipasyon fanm yo pou yon miltitud rezon. Premye anti-sifrajis yo nan fen ane 1860 yo ak 1870 yo te prensipalman preyokipe ke bilten vòt la ta pral deranje wòl domestik ak matènèl fanm yo epi kreye dezakò nan fanmi an. Horace Greeley, youn (1) nan anti-sifrajis ki pi enfliyan nan epòk sa a, te deklare ke pifò fanm yo pa te gen okenn enterè nan vote oswa nan politik. Nan ane 1871, otorite domestik konsèvatè Catharine Beecher ak madanm Jeneral William Sherman ak Admiral John Dahlgren yo te bay Kongrè a yon petisyon ki te gen 1,000 siyati fanm ki t ap plede ak Kongrè pou deziste [evite] adopte yon lwa ki ap emansipe fanm yo. Beecher, nan liv li a *Sifraj Fanm ak Pwofesyon Fanm (Woman Suffrage and Woman's Profession)*, pwoklame ke si yo te bay fanm yo vòt la, pifò nan yo tap konsidere li yon fado akablan ki tap lakòz yo neglije devwa domestik yo. . . .

Lòt premye agiman ki te pèsiste nan tout mouvman sifraj pou fanm lan te enkli bagay sa yo:

- Fanm yo gen tout dwa yo bezwen deja;
- Bilten vòt la ap degrade fanm yo nan fè yo melanje nan mond “sal,” koronpi politik la;
- Fanm yo pa bezwen vòt la paske mari yo deja vote pou sa ki nan pi bon enterè fanm yo; ak
- Fanm yo pa vote lè yo gen dwa pou yo fè sa (yon diskisyon ki baze sou ti kras to patisipasyon okazyonèl nan kèk eleksyon minisipal nan eta kote fanm yo te deja genyen dwa pou yo vote). . . .

Sous: Judith E. Harper, *Susan B. Anthony: A Biographical Companion*, ABC-CLIO Biographical Companion (adapte)

33 Baze sou dokiman 3a ak 3b, endike **yon (1)** rezon pou opozisyon ak efò pou jwenn sifraj pou fanm lan. [1]

Score

Dokiman 4

. . . Men sa pa ta dwe twonpe nou; lit sa a te mennen seryezman tankou nenpòt ki lit pou egalite, epi nou tap fè byen pou konsidere fason fanm yo te kapab fè sa gason te raman menm eseye, chanje sosyete a nan yon fason pozitif ak dirab san vyolans ak lanmò. . . .

Menm jan ak mouvman dwa sivil la ke yo selebre kounye a, sifraj pou fanm anrejistre eksperyans resan ak itil sitwayen òdinè yo te fòse pou konbat pou pwòp dwa yo kont gwo obstak ak inegalite sosyal.

Men modèl lidèchip politik yo, fanm òganizatè ak administratè yo, aktivis ak lobiyis yo. Men premye fanm avoka yo ak doktè yo ak minis yo, premye fanm kandida yo, premye moun ki antre nan fonksyon piblik yo. Men istwa reyalizasyon yo, estrateji enjenye yo ak taktik ekzòbitan yo ki te itilize pou dejwe opozan yo, epi maksimize resous limite yo. Men nouvo definisyon ak imaj fanm yo nan lavi nasyonal nou an ki bay yon foto pi egzak sou pase a epi ki ede eksplike fason yo trete fanm Ameriken yo jodi a. . . .

Mouvman sifraj la ofri yon fenèt inik sou emèjans fanm nan lavi politik Ameriken an. Sa se kote anpil nan fanm entelijan, aktif, politikman oryante yo nan tan an, ke yo te refize dwa pou patisipe dirèkteman nan politik nasyonal, yo te ale. Yo mete enèji yo nan atake pwoblèm sosyal yo dirèkteman ak òganize pami yo menm, lokalman ak nasyonalman, pou pwòp dwa yo. . . .

Sous: Robert Cooney, "Taking a New Look at the Woman Suffrage Movement," in *The Feminist Movement*, Nick Treanor, ed., Greenhaven Press, 2002

34 Dapre Robert Cooney, ki sa ki se **yon (1)** enpak nan efò yo pou jwenn sifraj pou fanm lan? [1]

Score

Dokiman 5

. . . Leson yo nan lit sifraj pou fanm lan pwofondeman enfliyanse jistis sosyal Ameriken an ak mouvman defans [enterè piblik] yo. Espresyon, relasyon piblik yo, ak teknik òganizasyon debaz ki te devlope pa sifrajis yo, ansanm ak itlizasyon manifestasyon san vyolans ak dezobeyisans sivil yo, te kanpe tankou yon modèl pou militan dwa sivil Afriken Ameriken yo nan mitan syèk la, gwoup manifestan anti-Lagè Vyetnam yo, ak aktivis dwa omoseksyèl yo. Pa gen dout avni an pral pote plis kòz, plis reparasyon ki nesèsè nan demokrasi Ameriken an, ak plis bezwen pou aktivis sivik pasyonan. . . .

Sous: Elaine Weiss, *The Woman's Hour: The Great Fight to Win the Vote*, Viking, 2018

35 Dapre Elaine Weiss, ki sa ki se **yon (1)** enpak efò yo pou reyalize sifraj pou fanm lan? [1]

Score


Dokiman 6a

Jeannette Rankin te fè listwa 100 ane de sa ane sa a [1917] lè li te antre an fonksyon kòm premye fanm manm Kongrè a. “Mwen ka premye fanm ki manm Kongrè a, men mwen pap dènye a,” Repibliken Montana a te predi apre li te genyen eleksyon pou Chanm Reprezantan Etazini an ane anvan an.

Rankin te gen rezon: Nan syèk depi li te kòmanse sèvis li kòm yon manm Kongrè, plizyè santèn fanm te swiv tras li. Men fanm yo rete manke reprezante nan tout pòs politik prensipal yo ak nan gwo pozisyon lidèchip biznis Etazini yo. . . .

Sous: Anna Brown, “Despite gains, women remain underrepresented among U.S. political and business leaders,” Pew Research Center, March 20, 2017 (adapte)

Dokiman 6b



Sous: Pew Research Center (adapte)

36 Baze sou dokiman 6a ak 6b, ki sa ki se *yon (1)* enpak reyalyasyon sifraj pou fanm lan? [1]

Score

Pati B

Kesyon Redaksyon Konesans Sivik (37)

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman nan kò redaksyon an. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik: Ekspansyon Demokrasi—Sifraj Pou Fanm

Pandan tout istwa Etazini, Ameriken yo te debat anpil pwoblèm konstitisyonèl ak sivik. Deba sa yo te abouti nan efò endividyèl, gwoup, ak gouvènman pou adrese pwoblèm sa yo. Efò sa yo te jwenn divès degre siksè. Youn (1) nan pwoblèm konstitisyonèl ak sivik sa yo se *sifraj pou fanm*.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, pou ekri yon redaksyon kote ou

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Eksplike efò moun yo, gwoup yo, ak/oswa gouvènman yo pou adrese pwoblèm konstitisyonèl oswa sivik sa a
- Diskite enpak efò yo te genyen sou Etazini ak/oswa sosyete Ameriken an

Gid:

Nan redaksyon ou, asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Eksplike *omwen de (2)* efò pou abòde pwoblèm lan
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan ki soti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

